



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 21/7/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PWOJÈ-LWA A POU AGRANDI LWA ETA NEW YORK  
“MOVE OVER” A POU L KOUVRI LADAN TOU PONPYE VOLONTÈ AK  
ANPLWAYE ANBILANS YO**

Jodi a, Gouvènè Cuomo te siyen pwojè-lwa pou agrandi lwa Eta New York “Move-Over” a pou kouvri ladan tou ponpye volontè ak anplwaye anbilans yo.

Lwa (S.7938/A.8702-A) sa a egzije pou tout chofè ralanti epi ekate kò yo sou yon lòt liy trafik, lè gen yon machin ki gen limyè ble oswa vèt k ap flache, ponpye volontè yo ak anplwaye anbilans yo itilize pou ijans ki rive arebò wout la yo.

“Premye sekouris nou yo riske lavi yo chak jou, souvan yo andanje pwòp sekirite yo ak byenèt tèt yo, pou yo kapab pwoteje kominote a yo ak Nouyòkè parèy yo,” **Gouvènè Cuomo te di**, “nouvo lwa sa pral ede asire ke nou pwoteje premye sekouris nou yo tou kont danje nou ka evite pandan yo ap reponn a ijans sou wout yo.”

Oparavan, Lwa “Move-Over” a te aplike pou sèlman chofè ki ap apwoche yon polis ki kanpe moun, oswa machin ijans ki gen limyè rouj, ak blan, ak jon abriko k ap flache yo.

**Senatè David Valesky te di:** “Lwa “Move-Over” aktyèl la pwoteje chofè machin polis, ak sèvis ijans, lè li mande pou chofè ki sou wout yo ralanti epi chanje yon liy trafik, men sekouris ijans volontè yo pa gen menm pwoteksyon sa a. Lè nou agrandi lwa sa, nou pral pwoteje ponpye volontè ak anplwaye anbilans nou yo, lè yo ap bay asistans dijans. Mwen di Gouvènè Cuomo mèsè poutèt li siyen pwojè-lwa enpòtan sa a.”

**Manm Asanble William B Magnarelli te di:** “Mwen vle remèsye Gouvènè a paske l te siyen lwa enpòtan sa. Li pral pote chanjman bon sans nan lwa “Move-Over” ki te la deja lè li agrandi pou l kouvri limyè “ble” ak “vèt” yo ke anpil konpayi ponpye ak anbilans volontè yo itilize. Tout premye sekouris yo merite pwoteksyon lwa “Move-over” a lè yo reponn a ensidan ak ijans ki rive sou otowout nou yo. Nouvo lwa sa pral ede yo rete an sekirite pandan yo ap sèvi popilasyon an.”

###